

Dwa ak responsablite sou pwoteksyon swen sante

Health Care Coverage Rights and Responsibilities

Dwa ou yo (Nou dwe) pou tout pwogram sou pwoteksyon swen sante

Ede w li ak ranpli tout fòm yo mande yo. Ou ka kontakte Depatman Sèvis Sante ak Sosyal (DSHS) nan 1-877-501-2233 pou w jwenn asistans.

Bay sèvis entèprèt oswa tradiksyon san ou pa peye anyen ak san reta lè ou kominike avèk DSHS oswa Otorite Swen Sante a (Health Care Authority, HCA).

Kenbe enfòmasyon pèsònèl ou prive men nou ka pataje kèk enfòmasyon avèk lòt ajans federal ak eta, enstitisyon finansye, ak kontraktè HCA yo pou rezon elijiblite ak enskripsyon.

Ba ou opòtinite pou konteste si ou pa dakò avèk yon desizyon DSHS te pran oswa HCA ki afekte elijiblite w pou pwoteksyon swen sante, sèvis ak sipò alontèm (LTSS), oswa yon plan sante. Si ou mande pou yon apèl, yo pral egzamine dosye w. Pou w jwenn enfòmasyon sou apèl pou pwogram DSHS la, ou ka kontakte Sant Kontak Sèvis Kliyan DSHS nan 1-877-501-2233 oswa vizite Biwo Sèvis Kominotè lokal ou a.

Si apèl pou yon desizyon nan pwoteksyon sante Washington Apple Health, sa ki pa rezoud pa yon egzaminasyon dosye, yo pral pwograme yon odyans administrativ pou ou.

Trete w ekitableman. Lalwa kont diskriminasyon DSHS ak HCA konfòme avèk lwa sou dwa sivil federal ki aplikab e li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks. DSHS ak HCA pa ekskli moun oswa trete yo diferan akòz ras yo, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks.

DSHS ak HCA konfòme tou avèk lwa eta ki aplikab e li pa fè diskriminasyon sou baz kwayans, sèks, ekspresyon seksyèl oswa idantite, oryantasyon seksyèl, kondisyon matrimonyal, relijyon dechaj onorab veteran oswa estati militè, oswa itilizasyon yon chen gid fòm oswa sèvis bèt pou yon moun ki gen yon andikap.

DSHS ak HCA:

- Bay èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap kidonk yo ka kominike efikasman avèk nou, tankou:
 - Entèprèt kalifye nan langaj siy
 - Enfòmasyon alekri nan lòt fòm yo (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm yo)
- Bay sèvis lang gratis pou moun Angle pa lang natif natal yo, tankou:
 - Entèprèt kalifye
 - Enfòmasyon alekri nan lòt lang yo

Si ou bezwen sèvis sa yo, kontakte 1-877-501-2233.

Si ou panse ke DSHS oswa HCA te neglije pou bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon nan yon lòt fason, ou ka depoze yon plent avèk:

- **DSHS**
ATTN: Constituent Services
PO Box 45131
Olympia, WA 98504-5131
1-800-737-0617
Faks: 1-888-338-7410
askdshs@dshs.wa.gov
- **HCA Division of Legal Services**
ATTN: Compliance Officer
PO Box 42704
Olympia, WA 98504-2704
1-855-682-0787
Faks: 1-360-586-9551
compliance@hca.wa.gov

Ou ka depoze yon plent an pèsòn oswa nan telefòn, lapòs, faks, oswa imèl. Si w bezwen èd pou depoze yon plent, Sèvis Konstitiyan DSHS oswa Divizyon Legal HCA disponib pou ede w.

Ou ka depoze yon plent dwa sivil avèk Depatman Sante ak Biwo Sèvis Imen pou dwa sivil pa mwayen elektwonik sou <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD).
Fòmilè plent yo disponib sou
www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

Responsablite w (ou dwe) pou tout pwogram sou pwoteksyon swen sante

Divilgasyon Eitati Imigrasyon ak SSN. Avèk kèk eksepsyon, ou bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) oswa nimewo dokiman imigrasyon pou oumenm oswa nenpòt lòt moun lakay ou ki vle aplike pou pwoteksyon swen sante. Yon SSN obligatwa pou aplike pou kredi taks prim asirans sante. Nou itilize enfòmasyon sa a pou detèmine elijiblite lè nou konfime idantite w, sitwayènnte, estati imigrasyon, dat nesans, ak disponiblite pou lòt pwoteksyon swen sante.

Nou pa pataje enfòmasyon sa a avèk okenn ajans imigrasyon.

Li posib pou aplike pou pwoteksyon asirans pou kèk manm lakay ou, men pa lòt moun yo. Si ou pa gen yon SSN oswa nimewo dokiman imigrasyon pou tout manm yo lakay ou, lòt moun yo ka toujou aplike epi resevwa pwoteksyon asirans. Pa egzanp, ou ka aplike pou pitit ou mnem si ou pa kalifye pou pwoteksyon asirans. Aplike pa p afekte estati imigrasyon w oswa chans pou vini yon rezidan pèmanan oswa sitwayen amenriken.

Genyen tou kèk pwogram Sante Washington Apple Health pou moun ki pa ka montre ke yo nan peyi a legalman. Men si ou chwazi pou pa bay yon SSN owa nimewo dokiman imigran pou yon moun lakay ou, nou pral bezwen fè swivi pou jwenn enfòmasyon sou revni moun ki pa aplike a.

Si yon ajans mande l, bay nenpòt enfòmasyon oswa prèy ki nesèsi si ou elijib.

Bagay ou ta dwe konnen pou tout pwogram sou pwoteksyon swen sante

Gen sèten lwa eta ak federal ki gouvènè fonksyonman sistèm aplikasyon eta ak Washington Connection jere, dwa ak responsablite w antanke moun ki itilize yo ak pwoteksyon pou resevwa lè ou itilize yo. Lè yo itilize sistèm sa yo, ou aksepte pou konfòme avèk lwa yo ki aplike a yon moun kap itilize yo ak pwoteksyon asirans yo resevwa kòm yon rezilta.

Lwa Nasyonal 1973 sou Enskripsyon Votè mande pou tout eta yo bay asistans pou enskripsyon votè grasa biwo pou asistans piblik. Aplike pou enskri pou deklane pou enskri pou vote pap afekte sèvis oswa kantite lajan benefis ke ajans sa ka ba ou. Ou ka enskri pou w vote nan www.vote.wa.gov oswa kòmande fòmilè enskripsyon pou vote lè w ou rele 1-800-448-4881.

Restriksyon nan Lwa sou Responsablite ak Pòtabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) anpeche HCA ak DSHS diskite enfòmasyon sou sante w oswa nenpòt manm lakay ou avèk nenpòt lòt moun, sa ki gen ladan yon reprezantan otorize, sof si moun sa gen yon pwokirasyon medikal oswa ou te siyen yon fòm konsantman ki otorize divilgasyon enfòmasyon sa a. Sa a gen ladan divilgasyon enfòmasyon sou sante mantal, VIH/SIDA ak rezilta tès STD, oswa tretman ak sèvis depandans chimik.

Lwa sou Swen a bon mache anpeche DSHS ak HCA pou yo bay enfòmasyon ki pèsoneyman idantifyab (PII) sou oumenm oswa nenpòt manm lakay ou a nenpòt lòt moun ki pa otorize pou resevwa l, ak san konsantman w.

Enfòmasyon ou bay DSHS ak HCA sijè a verifikasyon pa otorite eta ak federal yo nan bi pou detèmine elijiblite w pou pwoteksyon swen sante. Verifikasyon an ka gen ladan kontak swivi ki soti bò kote anplwaye ajans lan.

HCA ak DSHS pa responsab pou jere plan asirans sante w. Konpayi asirans sante w ka ba ou plis enfòmasyon sou benefis ou yo. **Si ou gen kesyon sou tèm plan asirans sante w, sa ki gen ladan ki benefis ou kalifye, ak fè yon reklamasyon benefis oswa konteste yon refi benefis, ou ta dwe kontakte konpayi asirans sante w.**

Ou ka aplike pou sipò sèvis ranfòsman grasa Divizyon of Child Support (DCS).

Pou w resevwa yon aplikasyon pou sèvis sa yo, ale sou www.childsupportonline.wa.gov oswa kontakte biwo DCS lokal la.

Dwa ou yo (Nou dwe) pou Washington Apple Health sèlman

Eksplike w dwa ak responsablite ou yo si ou mande.

Aksepte pou soumèt yon aplikasyon pasyèl ki endike nan yon minimòm non w, adrès, ak siyati oswa siyati oswa reprezantan otorize aplikan. Nan jou nou resevwa yon aplikasyon pasyèl se dat aplikasyon w, sa ki kapab afekte kilè pwoteksyon asirans lan vin anviyè. Nou pa pral pran yon desizyon final sou pwoteksyon w jiskaske apre ou fin konplete aplikasyon an.

Pèmèt nou soumèt yon aplikasyon oswa yon aplikasyon pasyèl itilize nenpòt metòd ki liste anba WAC 182-503-0005.

Trete aplikasyon w rapidman ak pa pita pase delè ki dekri nan WAC 182-503-0060.

Ba ou 10 jou ouvrap pou bay enfòmasyon nou bezwen pou detèmine elijiblite. Si ou bezwen plis tan, nou pral ba ou plis tan. Si ou pa ba nou enfòmasyon an oswa mande plis tan, nou ka refize, fèmen, oswa chanje pwoteksyon swen sante w.

Ede w si ou difikilte pou jwenn nenpòt enfòmasyon oswa prè ki nesesè pou nou deside si ou elijib. Si nou bezwen yon dokiman ki pral koute w lajan, nou pral voye l epi peye pri a.

Enfòmasyon w, nan pifò ka yo, omwen 10 jou anvan nou sispann pwoteksyon swen sante w.

Ba ou yon desizyon alekri, nan pifò ka yo, nan lespas 45 jou. Pwoteksyon swen sante pou kèk ka andikap ka pran jiska 60 jou. Nou ba ou yon desizyon alekri sou gwosès medikal nan lespas 15 jou.

Pèmèt ou refize pou pale a yon anketè si nou odite dosye w. Ou pa oblije kite anketè a rantre lakay ou. Ou ka mande anketè a pou l retounen yon lòt lè. Sa a pa pral afekte elijiblite w pou pwoteksyon swen sante.

Kontinye pwoteksyon asirans sante Washington Apple Health pandan nap deside si ou kalifye pou yon lòt pwogram dapre WAC 182-504-0125.

Ba ou sèvis aksè egal jan li dekri nan WAC 182-503-0120 si ou elijib.

Responsablite w (ou dwe) pou Washington Apple Health sèlman

Rapòte chanjman kòm obligatwa nan WAC 182-504-0105 ak WAC 182-504-0110 nan lespas 30 jou apre chanjman an. Li lèt apwobasyon w pou wè ki chanjman ou dwe rapòte.

Konplete renouvèlman lè yo mande.

Bay enfòmasyon founisè medikal ki nesesè pou faktire nou pou sèvis swen sante.

Aplike pou Medicare si ou gen dwa pou li.

Kolabore avèk anplwaye Asirans Kalite lè yo mande w.

Aplike pou ak fè yon efò rezonab pou jwenn posib revni nan men lòt sous yo lè wap mande oswa resevwa pwoteksyon swen sante Washington Apple Health.

Bagay ou ta dwe konnen pou Washington Apple Health sèlman

Lè nou mande pou ak resevwa Washington Apple

Health, ou bay eta Washington tout dwa pou nenpòt sipò medikal pou nenpòt peman tyès pati pou swen sante.

Ajans lan ka pataje istwa vaksinasyon pitit mwen avèk Sistèm Verifikasyon Vaksinasyon Pwofil Pitit ou.

Enfòmasyon ou rapòte a yo ka bay DSHS li pou deèmine elijiblite ak benefis chak mwa pou pwogram yo tankou pwoteksyon swen sante, asistans lajan kach ak sibvansyon pou swen timoun.

Dapre lalwa, Eta Washington ka rekipere frè li te peye yo pou sèten kalite sèvis medikal nan eta w grasa Estate Recovery (RCW 41.05A.090, RCW 43.20B.080, ak Chapit 182-527 WAC). Rekiperasyon siksesyon pa rive jiskapre lanmò w, lanmò yon konjwen sivivan, ak pitit ou kap viv ki gen laj 21 ane oswa pi gran. Sa rive tou si yon timoun sivivan te avèg/andikape nan moman lanmò a. Depans rekipere gen ladan:

- Kèk sèvis ak sipò alontèm Washington Apple Health, si ou gen laj 55 ane oswa pi gran nan moman ou resevwa sèvis yo;
- Sèten sèvis eta finansè sèlman, kèlkeswa laj nan moman ou te resevwa sèvis yo.

Ou ka jwenn yon lis sèvis yo ki sijè nan rekiperasyon pri anba WAC 182-527-2742. Ou ka jwenn yon lis sèvis yo ki sijè nan rekiperasyon pri anba WAC 182-527-2746.

Eta ka depoze tou yon privilèj anvan-lanmò sou byen imobilye, nan nenpòt laj, si ou vin enstitisyonalye nan fason pèmanan (WAC 182-527-2734). Eta a ka rekipere nan lavant pwopriyete, oswa byen imobilye w, sof si:

- Konjwen w abite nan pwopriyete a;
- Frè ak sè w abite nan pwopriyete a, se yon ko-pwopriyetè, e li satisfè sèten kondisyon;
- Pitit ou baite nan pwopriyete a, e li avèg/andikape; oswa
- Pitit ou abite nan pwopriyete a, e li gen mwens pase laj 21 ane.

Ou ka jwenn yon lis sèvis yo ki sijè nan rekiperasyon pri anba yon privilèj anvan lanmò nan WAC 182-527-2734.

Ou ka gen restriksyon pou yonsèl founisè swen sante, famasi, ak/oswa lopital si ou wap chèche sèvis swen sante ki pa nesesè nan men founisè yo.

[English] Language assistance services, including interpreters and translation of printed materials, are available free of charge. Call 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Amharic] የጽሑፍ እና አገልግሎት፣ አስተርጓሚ እና የሰነዶችን ትርጉም ጨምሮ በነጻ ይሰጣል። 1-877-501-2233 (TRS: 711) ይደውሉ።

[Arabic] خدمات المساعدة في اللغات، بما في ذلك المترجمين الفوريين وترجمة المواد المطبوعة، متوفرة مجاناً، اتصل على رقم 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Burmese] ဘာသာပြန်ဆိုသူများနှင့် ထုတ်ပြန်ထားသည့် စာရွက်စာတမ်းများဘာသာပြန်ခြင်းအပါအဝင် ဘာသာစကားအထောက်အကူပြုဆောင်ရွက်မှုများကို အခမဲ့ရရှိပါသည်။ 1-877-501-2233 (TRS: 711) ကိုဖုန်းခေါ်ဆိုပါ။

[Cambodian] សេវាជំនួយភាសា រួមមានទាំងអ្នកបកប្រែផ្ទាល់មាត់ និង ការបកប្រែឯកសារបោះពុម្ព គឺអាចរកបានដោយឥតគិតថ្លៃ។ ហៅទូរស័ព្ទទៅលេខ 1-877-501-2233 (TRS: 711)។

[Chinese] 免费提供语言协助服务，包括口译员和印制资料翻译。请致电 1-877-501-2233 (TRS: 711)。

[Korean] 통역 서비스와 인쇄 자료 번역을 포함한 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-877-501-2233 (TRS: 711)번으로 전화하십시오.

[Laotian] ການບໍລິການດ້ານພາສາ, ລວມທັງບາບແປພາສາ ແລະ ການແປອອກສານຕີພິມ, ມີໄວ້ໃຫ້ຜູ້ໃຊ້ບໍ່ຄິດຄ່າ, ໂທຫາເລກ 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Oromo] Tajajilli gargaarsa afaanii, nama afaan hiikuu fi ragaalee maxxanfaman hiikuun, kaffaltii malee ni argattu. 1-877-501-2233 (TRS: 711) irratti bilbilaa.

[Persian] خدمات کمک زبانی، از جمله مترجم شفاهی و ترجمه اسناد و مدارک (مطالب) چاپی، بصورت رایگان ارائه خواهد شد. شماره 1-877-501-2233 (TRS: 711) تماس بگیرید.

[Punjabi] ਭਾਸ਼ਾ ਸਹਾਇਤਾ ਸੇਵਾਵਾਂ—ਦੁਭਾਸ਼ੀਏ ਅਤੇ ਪ੍ਰਿੰਟ ਕੀਤੀ ਹੋਈ ਸਮੱਗਰੀ ਦੇ ਅੰਨ੍ਹਵਾਦ ਸਮੇਤ—ਮੁਫਤ ਉਪਲੱਬਧ ਹਨ।

1-877-501-2233 (TRS: 711) 'ਤੇ ਕਾਲ ਕਰੋ।

[Romanian] Serviciile de asistență lingvistică, inclusiv cele de interpretariat și de traducere a materialelor imprimate, sunt disponibile gratuit. Apelați 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Russian] Языковая поддержка, в том числе услуги переводчиков и перевод печатных материалов, доступна бесплатно. Позвоните по номеру 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Somali] Adeego caawimaad luuqada ah, ay ku jirto turjubaano afka ah iyo turjumid lagu sameeyo waraaqaha la daabaco, ayaa lagu helayaa lacag la'aan. Wac 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Spanish] Hay servicios de asistencia con idiomas, incluyendo intérpretes y traducción de materiales impresos, disponibles sin costo. Llame al 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Swahili] Huduma za msaada wa lugha, ikiwa ni pamoja na wakalimani na tafsiri ya nyaraka zilizochapishwa, zinapatikana bure bila ya malipo. Piga 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Tagalog] Mga serbisyong tulong sa wika, kabilang ang mga tagapagsalin at pagsasalin ng nakalimbag na mga kagamitan, ay magagamit ng walang bayad. Tumawag sa 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Tigrigna] ተርጉምቲን ናይ ዝተሓሓፉ ማተርያላት ትርጉምን ሓዊስ ናይ ጽሑፍ ሓገዝ ግልጋሎት ብዘይ ምንም ከፍሊት ይርከቡ። ብ 1-877-501-2233 (TRS: 711) ደውሉ።

[Ukrainian] Мовна підтримка, у тому числі послуги перекладачів та переклад друкованих матеріалів, доступна безкоштовно. Зателефонуйте за номером 1-877-501-2233 (TRS: 711).

[Vietnamese] Các dịch vụ trợ giúp ngôn ngữ, bao gồm thông dịch viên và bản dịch tài liệu in, hiện có miễn phí. Gọi 1-877-501-2233 (TRS: 711).